

TRIBUNAL DISTRI ETAZINI POU DISTRI NAN SID NOUYÒK

SI W RESEVWA YON ÒDONANS POU KONPARÈT NAN ODYANS SAN PATIPRI KI KONSÈNE YON ELÈV EDIKASYON ESPESYAL KI TE MANDE POU DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK PRAN YON AKSYON OSWA FÈ YON PEMAN, OU KA GEN DWA POU W RESEVWA PEMAN OSWA SÈVIS EDIKATIF ATRAVÈ YON ARANJMAN YO PWOPoze NAN KA AKSYON KOLEKTIF .

- Pou moun ki resevwa yon òdonans pou yon odyans san patipri nan vil Nouyòk, nan dat 13 desanm 2000 oswa apre ak 31 janvyè 2008 oswa anvan sa, aranjman sila a yo pwopoze a ka fè yo resevwa (i) peman yo mande nan òdonans odyans san patipri a, (ii) ranbousman pou depans edikatif ke w peye poutèt Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City* ("DOE") pat respekte òdonans la, oswa (iii) yon bon pou yon maksimòm 8.000\$ (oswa, 15.000\$ nan sikonstans espesyal) nan sèvis edikatif si DOE pa t aplike òdonans lòd la alè li te dwe fè l la. W ap jwenn esplikasyon sou pwosedi pou deside montan kèlkeswa peman an, bon an oswa ranbousman ou ka resevwa selon kondisyon yo pwopoze nan aranjman sa a, nan Pwovizyon ak Akò Antant lan. ("Pwovizyon") *Stipulation and Agreement of Settlement*. ("Stipulation").
- Aranjman yo pwopoze a rezoud yon pwosè ki konsène si DOE pa t pran aksyon l te dwe pran yo konplètman e alè yo te dwe pran aksyon yo selon òdonans ofisyè odyans san patipri a te pase poutèt yon mank règleman ak pwosedi efikas epi paske yo pa t devlope oswa kenbe yon sistèm pou efekte aplikasyon an alè, yon fason efikas ak aplikasyon global òdonans yo.
- Aranjman yo pwopoze ap chèche (1) evite w gen risk si w ta kontinye avèk pwosè a, (2) peye pou depans sèvis edikatif pou pitit ou ki gen andikap (oswa oumenm si w gen plis pase laj 21 lane epi paran w yo te resevwa yon òdonans pou yon odyans san patipri nan non w), e (3) egzije pou alavni DOE aplike okomplè e alè òdonans pou odyans san patipri.
- Dwa legal ou genyen yo afekte kit ou pran yon aksyon kit ou pa pran yon aksyon. Li avi sila a avèk atansyon.

DWA LEGAL OU GENYEN YO AVÈK OPSYON YO NAN ARANJMAN YO PWOPoze A

OU GEN DWA W POU :

1. **MANDE YON BON POU SÈVIS EDIKATIF, RANBOUSMAN POU SÈVIS EDIKATIF OSWA PEMAN ÒDONANS YO, OSWA TOULETWA** – Si w resevwa youn oswa plizyè òdonans pou odyans san patipri ki date 31 janvyè 2008 oswa anvan sa, ranpli fòmilè reklamasyon ki vini avèk avi sa a epi voye l tounen ba nou.
2. **CHWAZI POU W PA PATISIPE** – Voye fòmilè ki vini avèk avi sa a pou w fè konnen ke w "pa vle patisipe" oswa w pa vle resevwa bon an, ranbousman an, oswa peman an. Si w deside pa patisipe, w ap lib pou w fè reklamasyon legal endividyèl ou yo ki konsène òdonans sou odyans san patipri w la oswa oswa òdonans ki date 31 janvyè 2008 oswa anvan yo. Ou pa kapab deside pa patisipe nan pati aranjman yo pwopoze a ki konsène aplikasyon sistèmik òdonans sou odyans san patipri k ap vin fèt pi devan yo, men w ap gen dwa pou w fè reklamasyon endividyèl ki konsène òdonans ki gen pou bay alavni kèlkeswa aksyon w pran an, an repons a avi sa a.
3. **SIJÈ** – Voye yon lèt ba Tribinal la pou w fè konnen poukisa w pa renmen aranjman yo pwopoze a.
4. **ALE NAN YON ODYANS** – Mande pou w pale nan tribinal la pou w diskite sou ekite aranjman an.
 - **Si w pa fè anyen**, ou pa p kapab resevwa yon bon oswa ranbousman pou sèvis edikatif epitou ou va renonse a dwa w genyen pou w fè reklamasyon endividyèl konsènan tout òdonans pou odyans san patipri ki date 31 janvyè 2008 oswa anvan sa.
 - Nan Avi sa a, w ap jwenn dwa ak opsyon sa yo - **ak dat limit pou aplike yo**.
 - Tribinal ki responsab ka sa a gen pou l deside jiskaprezan si l ap apwouve aranjman yo pwopoze a. Yo va emèt bon ak peman yo si Tribinal la apwouve akò yo pwopoze a e apre yo fin swiv pwosedi ki detaye nan avi

ÈSKE W GEN KESYON? RELE NAN NIMEWO TELEFÒN GRATIS LA KI SE 1-800-918-8061, OSWA ALE SOU SIT ENTÈNÈT LA NAN www.hearingordersettlement.com

sa a. Tanpri, n ap mande w pou pran pasyans; li ka pran yon ti tan pou nou trete reklamasyon nou resevwa ki gen pou wè ak aranjman yo pwopoze a.

ENFÒMASYON DEBAZ

1. Sou kisa pwosè sa a ye?

An 2003, plizyè paran elèv ki gen andikap nan vil Nouyòk te kòmanse pwosè federal sa a atravè yon aksyon kolektif e yo te pote akizasyon kont DOE pou di li pa t aplike okonplè e alè l te dwe fè l la, òdonans pou odyans san patipri yo poutèt yon mank sistèm oswa règleman ak pwosedi efikas ki pou te pèmèt li aplike alè, avèk efikasite e konplètman òdonans pou odyans san patipri yo. Moun prensipal ki pote plent yo te pote Plent lan nan dat 13 desanm 2003 e yo pote akizasyon kont DOE, Komisyon sou Edikasyon an, ak Chanselye Joel Klein, nan kapasite endividyèl ak ofisyèl li (kolektivman, "Akize yo" "Defendants") ki deklare moun sa yo vyole deklarasyon sou pwosedi legal 14yèm amandman konstitisyon peyi Etazini, ki konsène Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap *the Individuals with Disabilities Education Act*, 20 U.S.C. §§ 1400 *et seq.*, 42 U.S.C. § 1983, Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon *Section 504 of the Rehabilitation Act*, 29 U.S.C. § 794, ak Lwa Edikasyon leta Nouyòk *New York State Education Law* §§ 4401 *et seq.*, ak règleman ki etabli nan lwa sa yo lè yo pa t aplike okonplè e alè òdonans san patipri yo. Akize yo nye tout responsab, tout move konpòtman oswa vyolasyon ki konsène akizasyon sa yo e yo sètifye defans afimatif.

2. Kisa yon aksyon kolektif ye?

Nan yon aksyon kolektif, youn oswa plizyè moun ki rele "Reprezantan aksyon kolektif *Class Representatives*" pran aksyon legal onon moun ki gen menm reklamasyon ak yo. Reprezantan aksyon kolektif yo ak tout moun ki gen menm reklamasyon yo se yo ki se "Manm aksyon kolektif la *Class Members*" oswa "Aksyon kolektif la *Class*". Yon tribinal rezoud pwoblèm lan pou tout Manm Aksyon an esepite pou nenpòt Manm Aksyon an ki retire tèt yo kòm sadwa nan Aksyon an. Se Jij Richard Holwell nan Distri Etazini k ap fèjiman nan ka aksyon kolektif sa a. 15 septanm 2005, Tribinal la sètifye yon gwoup moun ki te gen, oswa ki t ap vin genyen alavni, yon òdonans pou yon odyans san patipri ki favorab e ke òdonans lan pa t, oswa te ka a risk pou yo pa t aplike okonplè e alè pou yo ta aplike l la.

3. Poukisa genyen yon aranjman yo pwopoze?

Tribinal la pa decide anfavè moun prensipal k ap pote plent yo oswa Akize yo. Okontrè, toulede pati yo aksepte yon aranjman yo pwopoze ke yo panse ki ekitab, apwopriye, e rezonab. Konsa, yo evite pou yo peye frè yon pwosè e moun ki afekte yo pral resevwa benefis yo pi bonè. Reprezantan aksyon yo avèk avoka yo panse ke aranjman yo pwopoze a nan pi bon enterè tout Manm Aksyon yo.

KILÈS KI KA RESVWA PEMAN OSWA SÈVIS EDIKATIF SELON ARANJMAN YO PWOPoze A?

Pou w wè si w pral resevwa peman oswa bon pou sèvis edikatif ki detèmine nan aranjman sa a yo pwopoze a, ou fèt pou w detèmine si w se yon manm aksyon kolektif la.

4. Kouman pou mwen fè konnen si mwen fè pati aranjman yo pwopoze a?

Pati yo ap mande pou Jij Richard Holwell apwouve akò yo pwopoze a ki etabli nan Pwovizyon ki anba Règ 23(b)(2) ak 23(b)(3) ki soti nan Règ Federal Pwosedi Sivil la *Rules 23(b)(2) and 23(b)(3) of the Federal Rules of Civil Procedure*. Tout moun ki tonbe nan youn oswa toude nan deskripsyon sa yo, se yon manm aksyon kolektif la.

- I. *Tout moun ki resevwa yon òdonans favorab ke yon Ofisye odyans san patipri te pran kont NYCDOE 13 desanm 2000 oswa apre sa ak le 31 janvyè 2008 oswa anvan, oswa tout moun ki gen yon pwovizyon akò a ke yo plase nan dosye a pandan odyans san patipri a e ki pa t resevwa aplikasyon òdonans oswa akò sa a okonplè e alè ("Souklas dedomajman konpasatwa").*
- II. *Tout moun ki (1) resevwa yon òdonans favorab ke yon Ofisye Odyans san patipri te pran kont NYCDOE 12 desanm 2003 oswa apre sa oswa tout moun ki gen yon pwovizyon akò a ke yo plase nan dosye a pandan odyans san patipri a e (2) ki pa t resevwa aplikasyon òdonans oswa akò sa a okonplè e alè ("Souklas dedomajman enjonktif").*

5. Mwen pa fin kwè mwen fè pati aksyon kolektif la.

Si jouk kounye a w pa kwè ke w ladan, ou ka mande pou yo ba w plis espikasyon. Ou ka rele **1-800-918-8061**, oswa ale sou sit entènèt **www.hearingordersettlement.com** oswa rele Avoka pou Timoun *Advocates for Children* nan 1-212-947-9779 ekstansyon 577, pou w sa jwenn plis enfòmasyon.

ARANJMAN YO PWPOZE A – KISA W PRAL RESEVWA

6. Kisa aranjman yo pwopoze a bay?

Ann echanj pou revelasyon reklamasyon sistematik manm aksyon kolektif yo, akize yo dakò avèk kondisyon yon aranjman yo pwopoze. Men yon ti rezime byen kout de kondisyon sa yo :

Dedomajman pou yo bay Souklas dedomajman enjonktif la

Apati dat efektif la, yon Verifikatè endepandan pral gade dosye konpitè DOE yo ak dosye elèv yo e yo pral fè antrevi avèk anplwaye DOE yo pou detèmine si DOE te aplike òdonans yo okonplè e alè l te sipoze fè l la. Pou sis premye mwa apati dat efektif la, DOE fèt pou l aplike okonplè e alè, 75 % nan òdonans ki soti nan odyans san patipri a oswa obligasyon ki nan òdonans sa yo. Pou sis premye mwa apre DOE satisfè limit sa a, DOE fèt pou l aplike okonplè e alè, 85 % nan òdonans ki soti nan odyans san patipri a oswa obligasyon ki nan òdonans sa yo. Finalman, pou dezan sa yo, DOE fèt pou l aplike okonplè e alè, 91,5 % nan òdonans pou odyans san patipri yo oswa obligasyon yo. Si DOE reyisi satisfè kondisyon sa yo, lè sa a, DOE pa p gen pou l angaje l nan akò a. Sepandan, si DOE pa satisfè kondisyon sa yo, lè sa a yo pral mande pou yo kreye yon Plan daksyon korektif *Corrective Action Plan*. Si DOE pa satisfè kondisyon sa yo menm apre yo swiv Plan daksyon korektif la, alèkilè, pati yo pral konparèt devan Tribinal la pou detèmine ki aksyon ki apwopriye. Kote verifikatè endepandan an detèmine yo pa aplike okonplè e alè òdonans pou odyans san patipri a, alèkile, manm aksyon kolektif la pral resevwa yon lèt ki pral avize yo de desizyon verifikatè endepandan an. Lèt sa a ap kont pou etabli nan tribinal ke DOE pa t aplike okonplè e alè òdonans pou odyans san patipri a, menmsi DOE kapab pwouve li te aplike okonplè alè òdonans pou odyans san patipri a.

Dedomajman pou yo bay Souklas dedomajman konpansatwa a

Òdonans ki egzije pou DOE bay sèvis edikasyon

Bon : Si manm aksyon kolektif la gen yon òdonans ki egzije pou DOE fè yon bagay ki pa yon peman ba yon paran, yon founisè sèvis prive oswa yon lekòl prive 13 desanm 2000 oswa apre ak le 31 janvyè 2008 oswa anvan sa, e ke yo pa t aplike òdonans okonplè e alè, manm aksyon kolektif la ka eseye mande yon bon pou sèvis edikatif ak teknoloji sipò.

Jeneralman, manm aksyon kolektif la pral resevwa yon bon pou 8.000\$ pou sèvis edikatif. Si òdonans pou odyans san patipri a te sèlman mande pou DOE bay yon sèvis ki gen rapò ak edikasyon, manm aksyon kolektif la pral resevwa yon bon pou 4.000\$ pou sèvis edikatif. Epitou, si DOE te bay manm aksyon kolektif la yon envitasyon pou l gen aksè a sèvis ki gen rapò avèk edikasyon pandan ete 2004 la, yo pral redwi bon an de 4.000\$ oswa 50%, toudepanse sa ki pi piti a, amwenske manm aksyon kolektif la montre li pa t resevwa envitasyon an oswa moun sa a gen yon rezon valab ki jistifye pou li pa itilize l. Finalman, elèv la pa t ale lekòl pandan plis pase 45 nan 60 jou apre yo pase òdonans pou odyans san patipri a, lè sa a, bon an pral egal a 15.000\$ pou sèvis edikatif. Manm aksyon kolektif la pa p resevwa bon si elèv la te resevwa yon diplòm Regents lokal anvan 31 janvyè 2008.

Si yon manm aksyon kolektif la mande yon bon, DOE kapab eseye pwouve li te aplike okonplè e alè, òdonans pou odyans san patipri manm aksyon kolektif la oswa ke elèv la pa t domaje ni sibi ti domaj minim poutèt DOE pa t aplike òdonans lan okonplè e alè. Yon manm aksyon kolektif la kapab reponn a nenpòt soumasyon DOE ta ka fè. Nan ka sa yo, si verifikatè endepandan an dakò avèk DOE, manm aksyon kolektif la ka pa resevwa yon bon oswa ka resevwa yon bon pou yon maksimòm 2.000\$.

Yo kapab itilize tout bon yo pou sèvis edikatif pou benefis timoun ki gen non l nan òdonans pou odyans san patipri a pou prezante ba founisè ki pre-apwouve yo oswa pou prezante ba founisè yon manm aksyon kolektif la mande e ke verifikatè endepandan an apwouve. Yo kapab itilize jiska 3.000\$ pou chak bon pou achte teknoloji sipò, tankou òdinatè laptop, lojisyèl edikatif, ak machin lekti (amwenske manm aksyon kolektif la pwouve ba verifikatè endepandan an ke elèv pouki yo pase òdonans lan bezwen teknoloji sipò ki koute plis pase 3.000\$.)

Ranbouseman : Manm aksyon kolektif ki resevwa òdonans ant 13 desanm 2000 ak 31 janvyè 2008, ki te mande pou DOE bay sèvis edikatif, kapab, olye pou yo resevwa yon bon, chwazi pou yo ranbouse yo lajan yo te depanse pou sèvis edikatif paske DOE pa t aplike òdonans pou odyans san patipri a okonplè e alè. Pou manm aksyon kolektif la resevwa ranbouseman, li fèt pou l bay prèv ke l te peye pou sèvis edikatif yo jan yo dekri sou Fòmilè Reklamasyon an ki vini avèk avi sa a.

Òdonans ki egzije pou DOE peye yon paran oswa yon founisè sèvis

Yo ka mande dokiman anplis pou manm lan ka resevwa peman ki dekri pi ba a. Tanpri, gade Eksplikasyon sou jan pou w fè reklamasyon an pou w konnen ki dokiman anplis ki nesèsè.

Si yon òdonans pou odyans san patipri ke yo te emèt 13 desanm 2000 oswa apre ak le 31 janvye 2008 oswa anvan sa, te mande pou DOE ranbouse manm aksyon kolektif la, e ke DOE pa t peye ranbouseman an, manm aksyon kolektif la ka mande pou DOE peye montan yo egzije a.

Si yo te egzije pou DOE peye pou yon sèvis anpatikilye apre yo te pase yon òdonans 13 desanm 2000 oswa annapre ak 31 janvye 2008 oswa anvan sa, e ke DOE pa t peye pou sèvis sa a men elèv la malgresa te resevwa sèvis la, manm ki fè pati aksyon kolektif la ka mande pou DOE swa peye founisè ki te bay timoun lan sèvis la oswa pou DOE ranbouse paran an pou depans paran an te fè pou l te jwenn sèvis la pout timoun lan.

Si yo te òdone pou DOE peye pou yon sèvis anpatikilye, DOE pa t peye pou sèvis la, e elèv la pa t resevwa sèvis la, chwa manm aksyon kolektif la va depannde lè yo te pase òdonans patikilye a :

- Si lòd sa a te pase 13 desanm 2000 oswa apre ak le 30 jen 2006 oswa anvan sa, manm aksyon kolektif la ka mande pou yo ba li yon bon pou sèvis edikatif. Pwovizyon ki dekri nan seksyon “Bon” ki anlè a va aplike lè sa a.
- Si yo te pase yon lòd 1ye jiyè 2006 oswa apre ak le 30 jen 2007 oswa anvan sa, manm aksyon kolektif la ka swa (i) resevwa sèvis yo dekri nan òdonans la (lè sa a DOE va peye pou sèvis sa yo okonplè osito manm ki fè pati aksyon kolektif la soumèt bòdwo pou sèvis yo) oswa (ii) mande yon bon pou sèvis edikatif yo. Si manm aksyon kolektif la chwazi pou l mande yon bon, pwovizyon yo dekri nan seksyon “Bon” ki anlè a, va aplike lè sa a.
- Si yo te pase òdonans la 1ye jiyè 2007 oswa annapre ak le 31 janvye 2008 oswa anvan sa, manm aksyon kolektif la ka resevwa sèvis ki dekri nan òdonans la epi DOE pral peye pou sèvis sa yo okonplè lè manm kolektif la soumèt dokiman ki dekri nan Fòmilè Reklamasyon ki vini avèk avi sa a.

7. Kouman mwen ka gen yon bon, lajan yo te òdone pou DOE peye a oswa lajan mwen deja depanse a, oswa toulede?

OU FÈT POU W RANPLI FÒMILÈ REKLAMASYON AN EPI VOYE L TOUNEN ANVAN LE 30 JEN 2008.

Pou w resevwa peman oswa yon bon, ou fèt pou w voye yon fòmilè Prèv Reklamasyon *Proof of Claim form*. W ap jwenn yon fòmilè Prèv Reklamasyon ansanm avèk avi sa a. Ou kapab jwenn yon fòmilè Prèv Reklamasyon sou entènèt nan adrès **www.hearingordersettlement.com**. Li eksplikasyon yo avèk atansyon, ranpli fòmilè Prèv Reklamasyon an, mete tout dokiman ki nesèsè yo, siyen l, epi voye l pa lapòs pou l ka gen so lapòs ki date 30 jen 2008 pou pi ta.

8. Kilè mwen pral resevwa peman m lan oswa bon m lan oswa toulede?

Tribinal la pral gen yon odyans 10 avril 2008 pou deside si pou l apwouve aranjman yo pwopoze a (“Odyans pou aranjman ekitab *Settlement Fairness Hearing*”). Si Jij Holwell apwouve aranjman yo pwopoze a apre Odyans pou aranjman ekitab la, ka gen, malgresa, yon posibilite pou gen apèl. Si yo anrejistre nenpòt demann dapèl, nou pa konnen konbyen tan yo ka pran pou rezoud li. Yon fwa aranjman yo pwopoze a finalize, yo pral voye bon ak peman yo pa plis pase 60 jou apre yo resevwa dat fòmilè reklamasyon w lan ansanm avèk tout dokiman apwopriye yo oswa 60 jou apre dat efektif la, toudepande sa ki vin fèt apre a, amwenske DOE konteste reklamasyon w lan. Si DOE deside konteste reklamasyon w lan, li fèt pou l konteste reklamasyon an sou 35 jou apatide dat ki make sou reklamasyon w lan. Lè sa a, ou va gen 60 jou pou reponn kontestasyon DOE fè sou reklamasyon w lan. Si verifikatè endepandan an deside ou gen dwa pou resevwa peman oswa yon bon malgre kontestasyon DOE a, ou va resevwa yon bon oswa peman sou 45 jou apre ke verifikatè endepandan an pran desizyon w lan.

9. Ki dwa m ap renonse pou m ka resevwa peman oswa bon an, oswa toulede?

Si yo apwouve aranjman yo pwopoze a nan Odyans ekitab la, ou pa kapab fè pwosè, kontinye fè pwosè, ni fè pati okenn lòt pwosè kont DOE poutèt li pa aplike okonplè e alè òdonans pou odyans san patipri. Sa vle di tou ke yo pral aplike tout lòd Tribinal kont ou e ke y ap angaje w legalman.

Tout manm aksyon kolektif la, menm toude Souklas dedomajman konpansatwa a *Compensatory Relief Subclass* ak Souklas dedomajman enjonktif la *Injunctive Relief Subclass*, pral angaje yo pou yo respekte kondisyon ki nan aranjman yo pwopoze a e ki konsène sistèm DOE pral genyen alavni pou l aplike okonplè e alè òdonans pou odyans san patipri yo. Manm ki fè pati Souklas dedomajman enjonktif la pral kenbe dwa yo genyen yo pou yo fè reklamasyon endividyèl ki konsène òdonans endividyèl pou odyans san patipri ke yo pase 1ye fevriye 2008 oswa apre dat sa a.

Deklarasyon ki nan aranjman yo pwopoze a, di :

“Reklamasyon regle” vle di kèlkeswa oswa tout reklamasyon, dèt, demann, dwa, oswa kòz aksyon oswa nenpòt angajman (ki enkli men ki pa limite a sa yo sèlman, nenpòt reklamasyon pou domaj, enterè, frè avoka, frè ekspè oswa frè konsiltan, avèk nenpòt ki lòt frè, depans, oswa nenpòt lòt angajman), kit yo baze sou lwa federal, lwa leta, lwa lokal, dwa legal oswa dwa koutimye, oswa nenpòt lòt lwa, règ, oswa règleman, kit li fiks oswa depandan, akimile oswa pa akimile, likide oswa pa likide, an lwa oswa ann ekite, rive nan matirite oswa pa an matirite, kit li se yon aksyon kolektif oswa yon aksyon endividyèl, (i) ke moun prensipal k ap pote plent yo, manm aksyon kolektif yo, oswa nenpòt nan yo pote kont nenpòt nan pati yo libere yo, oswa (ii) ke moun prensipal k ap pote plent yo, manm aksyon kolektif yo, oswa nenpòt nan yo, te kapab prezante nan nenpòt *forum* kont pati libere yo, ki prezante apatide, ki konsène oswa ki baze sou akizasyon, tranzaksyon, fè, kesyon ka ki prezante, reprezantasyon oswa omisyon, ki etabli oswa ke yo refere nan Plent la. Reklamasyon regle pa enkli (i) reklamasyon pou ranfòse akò yo pwopoze a ni okenn pwovizyon ki asosye ak li, (ii) reklamasyon manm Souklas dedomajman konpansatwa yo ki deside pa patisipe yo, oswa (iii) reklamasyon endividyèl manm Souklas dedomajman enjonktif la fè ki konsène òdonans ke yo pase 1ye fevriye 2008 oswa apre.

AVOKA K AP REPREZANTE W

10. Èske mwen genyen yon avoka nan ka sa a?

Wi. Avoka ki nan Avoka pou Timoun ki nan Nouyòk ak kabinè avoka Milbank, Tweed, Hadley and McCloy, LLP se yo k ap reprezante w, *si w se yon manm aksyon kolektif la*. Yo rele avoka sa yo Avoka kolektif. Ou pa p gen pou w peye anyen pou avoka sa yo reprezante w. Si w vle gen pwòp avoka pa w ki pou reprezante w, ou kapab pran yon avoka depi se oumenm ki peye pou li.

11. Kouman yo pral peye avoka yo?

Pwovizyon an mande pou DOE peye pou frè rezonab Avoka kolektif yo pou yo sa envestige fè yo, voye ka a an litij, negosye aranjman yo pwopoze a, epi siveye konpòtman Akize yo jiskaske aranjman yo pwopoze a ekspire. **Peman frè sa yo pa p afekte ranbouseman benefiso ke manm aksyon kolektif yo pral resevwa.**

REFIZE ARANJMAN YO PWOPoze A

Ou ka fè Tribinal la konnen ou pa dakò avèk aranjman yo pwopoze a oswa yon pati nan aranjman an.

12. Kouman pou mwen fè Tribinal la konnen mwen pa renmen aranjman yo pwopoze a?

Si w se yon manm aksyon kolektif la, ou ka gen objeksyon a aranjman yo pwopoze a si w pa renmen nenpòt pati ladan l. Ou ka bay rezon poukisa w panse Tribinal la pa dwe apwouve l. Tribinal la ka pran an konsiderasyon opinyon w yo. Pou w pote objeksyon, ou fèt pou w voye yon lèt ki fè konnen w gen objeksyon pou *LV, et al. v. New York City Dept. of Educ., et al.*, United States District Court, Southern District of New York, No. 03 Civ. 9917 (RJH). Asire ke w ekri non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, siyati w, ak rezon ki fè w gen objeksyon sou aranjman yo pwopoze a. **Voye objeksyon an nan adrès sa yo nan yon anvlòp ki gen so lapòs ki date 21 mas 2008 pou pi ta :**

The Clerk of the Court
United States District Court
500 Pearl Street
New York, New York 10007

Shawn V. Morehead, Esq.
Advocates for Children of New York, Inc.
151 West 30th Street
New York, New York 10001

Jeffrey S. Dantowitz, Esq.
New York City Law Department
Office of the Corporation Counsel
100 Church St.
New York, NY 10007-2601

ODYANS TRIBINAL LA POU ARANJMAN EKITAB

Tribinal la pral gen yon odyans pou decide si pou l apwouve aranjman yo pwopoze a. Ou ka vin asiste nan odyans lan e ou ka mande pou pale, men ou pa oblije fè sa.

13. Ki kote ak kilè Tribinal la pral decide si l apwouve aranjman yo pwopoze a?

Tribinal la pral gen yon Odyans pou aranjman ekitab a 10è00 am 10 avril 2008 nan Tribinal Distri Etazini a pou Distri Sid Nouyòk la *United States District Court for the Southern District of New York*, Daniel Patrick Moynihan United States Courthouse, 500 Pearl Street, New York, New York 10007, nan Courtroom 14A. Nan odyans sa a, Tribinal la pral konsidere si aranjman yo pwopoze a ekitab, rezonab, e apwopriye. Si gen objeksyon, Tribinal la pral konsidere yo. Jij Richard Holwell pral tandè moun ki mande kòm sadwa pou yo pale nan odyans lan. Apre odyans lan, Tribinal la pral decide si l apwouve aranjman yo pwopoze a.

14. Èske mwen oblije vini nan odyans lan?

Non. Avoka kolektif la pral reponn kesyon Jij Holwell ka genyen yo. Men, ou kapab vini depi se oumenm ki fè depans ki pou fèt yo. Si w voye yon objeksyon, ou pa oblije vin nan Tribinal la pou pale sou sa. Depi w voye objeksyon w ekri a pa lapòs e alè, Tribinal la ka konsidere l. Epitou, ou ka peye pwòp avoka w pou l sa patisipe nan odyans lan, men li pa nesesè.

15. Èske mwen ka pale nan odyans lan?

Ou ka mande Tribinal la pou pèmison pou w pale nan Odyans pou aranjman ekitab la. Pou w fè sa a, ou fèt pou w voye yon lèt pou fè konnen se entansyon w pou konparèt nan *LV, et al. v. New York City Dept. of Educ., et al, No. 03 Civ. 9917 (RJH)*. Asire w ke w mete non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, siyati w, ak non tout temwen ou ka rele pou vin temwaye epitou fòk ou make tout pyès-a-konviksyon ou gen entansyon entwodwi kòm prèv nan odyans lan. **Se pou lèt w ap voye a gen so lapòs ki date 21 mas 2008 pou pi ta**, e se pou w voye l nan adrès sa yo :

The Clerk of the Court
United States District Court
500 Pearl Street
New York, New York 10007

Shawn V. Morehead, Esq.
Advocates for Children of New York, Inc.
151 West 30th Street
New York, New York 10001

Jeffrey S. Dantowitz, Esq.
New York City Law Department
Office of the Corporation Counsel
100 Church St.
New York, NY 10007-2601

16. E si mwen pa fè anyen ditou?

Si w pa fè anyen e w kalifye pou yon bon oswa peman pou depans edikatif, ou **PA P** resevwa kèlkeswa bon oswa peman ke w ta gen dwa pou resevwa otreman. Sepandan, ou pa p ka janm kòmanse yon pwosè, kontinye avèk yon pwosè, oswa fè pati okenn lòt pwosè kont DOE ki konsène zafè legal nan ka sa a.

JWENN PLIS ENFÒMASYON

17. Èske gen plis detay sou aranjman yo pwopoze a?

Avi sa a rezime aranjman yo pwopoze a. W ap jwenn plis detay nan Pwovizyon an limenm. Sizoka kondisyon ki nan avi sa a ta diferan de sa ki nan Pwovizyon an, se kondisyon ki nan Pwovizyon an k ap gen priorite. Ou ka gen aksè a yon kopi Pwovizyon an si w ale sou sit entènèt la nan adrès www.hearingordersettlement.com.